

- Konfime sitwayènte w.
- Ekri non w an lèt detache: non fanmi, prenon, dezyèm prenon oswa inisyal.
- Ekri ansyen non ou an majiskil, si ou te genyen youn.
- Ekri adrès kote ou rete kounye a: nimewo, non ri a oswa nimewo wout riral ak nimewo bwat (pa mete yon nimewo bwat postal nan lapòs), nimewo apatman, vil oswa vilaj, ak kòd postal konplè. Itilize kat jewografik[†] ki adwat la si ou pa kapab idantifye adrès ou.
- Ekri adrès kote ou resevwa tout kourye ou yo, si adrès la pa menm ak adrès ou te antre sou #4.
- Ekri dat nesans ou: mwa, jou, ak lane. Si ou gen 16 oubyen 17 an, ou pral pre-anrejistre pou jouktan ou gen ase laj pou vote. Yo pral fè w konnen pa lapòs kilè w ap kalifye pou vote.
- Lalwa federal egzije pou bay nimewo pèmi kondwi ou pou w kapab enskri pou vote. Si ou pa genyen yon pèmi kondwi Massachusetts ki resan ak valid, ou dwe bay kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa genyen ni youn ni lòt, ou dwe ekri "none" nan kaz la.
- Ou pa genyen obligasyon pou bay nimewo telefòn ou. Si ou ajoute nimewo telefòn ou epi ou pa tcheke "unlisted" (pa nan anyè), l ap vin yon dosye piblik.
- Tcheke yon pati, 'Okenn pati' oswa enprime yon deziyasyon politik (san yon pati).
- Ekri adrès kote ou te enskri dènye fwa pou vote.
- Si yon moun ede ou paske ou genyen enkapasite fizik pou siyen fòmilè sa a, moun ki ede ou a dwe ekri non li an majiskil ak adrès li epitou li genyen chwà pou ekri nimewo telefòn li.
- Li deklarasyon sou sèman an.
- Ekri dat jodi a.
- Siyen non ou.

Ou dwe voye fòmilè sa a pa lapòs oswa ou dwe pote li poukont ou nan minisipalite ou oswa nan lamèri a. Si ou voye fòm nan pa lapòs, plwaye li, kole kote ou fèmen li a, mete yon tenm premye klas sou li, ekri non vil oswa vilaj kote w ap viv la ak kòd postal pou lamèri vil oswa vilaj la, epi depoze li nan nenpòt bwatalèt.



Ou kapab itilize fòmilè sa a pou:

- enskri oswa pre-anrejistre pou vote nan Massachusetts; epi/oubyen
- korige enfòmasyon sou non, adrès, oswa pati politik ou.

Pou enskri oswa pre-anrejistre nan Massachusetts, ou dwe:

- **YON SITWAYEN AMERIKEN;** epi
- ap viv nan Massachusetts; epi
- genyen omwen laj 16 an.

Sanksyon pou Enskripsyon Ilegal: Amann ki pa depase \$10,000 oswa anprizònman pou senkan oswa toulède.

-Lalwa Jeneral Massachusetts, chapit 56 seksyon 8.

Idantifikasyon Ou Dwe Bay

Seksyon 7 la mande pou ou ajoute nimewo pèmi kondwi ou oswa kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou sou aplikasyon sa a. Y ap verifye enfòmasyon sa yo nan Rejis Veyikil-a-Motè ak Manm Komisyon Sekirite Sosyal. Si yo pa kapab verifye enfòmasyon yo, oswa si ou pa bay enfòmasyon sa yo, ou dwe bay idantifikasyon swa avèk aplikasyon sa a oswa nan biwo vòt la lè ou pral vote. Idantifikasyon ki ase gen ladan yon kopi idantifikasyon resan ak valab ki gen foto ou, dènye bòdwo sèvis piblik, etadkont labank, chèk gouvènman, chèk peman, oswa lòt dokiman gouvènman ki montre non ak adrès ou.

nò		† Avèk pwèn repè, trase zòn kote w ap viv la si ou pa kapab dekri kote a sou fòm yon nimewo ak ri oswa wout riral ak nimewo bwat postal.
lwès	lès	
	sid	

Ekri tout enfòmasyon yo an majiskil avèk lank nwa. Swiv enstriksyon ki anwo a pou bon jan ekspedisyon.

1	Tcheke youn: Èske ou se yon sitwayen ameriken? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non NÒT: Si se "non" ou tcheke, pa ranpli fòmilè sa a.				
2	Prenon ak non fanmi:	non fanmi	prenon	dezyèm prenon oswa inisyal	
				Jinyò Senyò 2 3 4 (ansèkle sa ki aplikab la)	
3	Ansye non:	non fanmi	prenon	dezyèm prenon oswa inisyal	
				Jinyò Senyò 2 3 4 (ansèkle sa ki aplikab la)	
4	Adrès kote w ap viv kounye a (nimewo kay / non ri / nimewo wout riral ak nimewo bwat / nimewo apatman / vil oswa vilaj / kòd postal):				
5	Adrès kote ou resevwa tout kourye ou (si adrès la pa menm ak sa ki nan #4):				
6	Dat nesans: mwa jou lane	7	Idantifikasyon #: nimewo lisans oswa 4 dènye chif nan Nimewo Sekirite Sosyal	8	Telefòn (ochwa): <input type="checkbox"/> Tcheke si li pa nan anyè
9	Enskripsyon oswa deziyasyon nan pati politik (tcheke youn): <input type="checkbox"/> Demokrat <input type="checkbox"/> Repibliken <input type="checkbox"/> Libètè <input type="checkbox"/> Okenn pati (pa enskri) <input type="checkbox"/> Deziyasyon politik (ki pa yon pati politik):				
10	Adrès kote ou te enskri dènye fwa pou vote (nimewo kay / non ri / nimewo wout riral ak nimewo bwat / nimewo apatman / vil oswa vilaj / kòd postal):				
11	Si aplikan an pa kapab siyen fòmilè sa a, bay non, adrès ak nimewo telefòn (ochwa) moun ki ede aplikan an:	non moun lan	adrès	nimewo telefòn (ochwa)	
12	Mwen fè sèman (deklare) la a mwen se moun ki nonmen pi wo a, epi enfòmasyon pi wo la yo vre, epi MWEN SE YON SITWAYEN AMERIKEN , epi mwen genyen omwen 16 an, epi mwen byen konprann mwen dwe genyen 18 an pou mwen kapab kalifye pou vote, epi mwen pa yon moun ki sou lobedyans yon responsab legal ki defann mwen enskri pou vote, epi mwen pa gen yon diskalifikasyon tanporè oubyen pèmanan ki fè lalwa defann mwen vote poutèt yon aksyon malonnèt nan eleksyon, epi mwen pa nan prizon kounye a poutèt yon enfrazsyon, epi mwen konsidere rezidans sa a tankou kote m ap viv la. Siyen anba sanksyon pou fo temwayaj.				
13	Dat jodi a: mwa jou lane	14	Siyen: Siyen non ou la a.		

Tcheke pou asire ou mete tout enfòmasyon yo sou deklarasyon sou sèman nan enskripsyon elektè sou lòt bò a!

Se Konsèy Rejistrè yo oswa Komisyon Eleksyon zòn lan ki dwe resevwa fòmilè sa a oswa fòmilè a dwe tenbre nan oswa anvan dat limit pou enskripsyon elektè (ki endike anba a) pou eleksyon sa a, eleksyon primè, eleksyon preliminè oswa fowòm politik.

DAT LIMIT POU ENSKRIPSYON ELEKTÈ

Pou patisipe nan...

Ou dwe enskri...

eleksyon primè eta

eleksyon eta

eleksyon primè vil ak bouk

eleksyon vil ak bouk

fowòm politik ki pwograme regilyèman

omwen 20 jou anvan

fowòm politik espesyal

omwen 10 jou anvan

Si ou pa genyen nouvèl ofisyèl eleksyon zòn ou nan 2 oswa 3 semenn, tanpri rele yo!

Plwaye toutolon liy pwenkiye a.

VIL OSWA VILAJ OU KÒD POSTAL POU VIL OSWA VILAJ LA

MA

City or Town Hall

Board of Registrars or Election Commission



vil oswa vilaj kod postal

MA

nmewo ak ri

non

Adrès pou Retoumen kourye

Kole
yon Tenn
Prennye
Klas
Ist la